

Rezime Plan Angajman Paran ak Fanmi pou lane 2020-2021

Deklarasyon Misyon sou angajman Paran ak Fanmi

Misyon Atlantic Community High School se pou ranfòse relasyon paran ak lekòl la, kenbe relasyon elèv ak pwofesè djanm , epi tou pou ankouraje paran patisipe lan mouvman edikasyon pitit yo lan lekòl tankou lakay. An dènye lye, prensipal bi nou se pou nou pèmèt tout etidyan vini tounen bon moun tout bon pou ka vin itil lan sosyete kote lap viv la.

Reyinyon anyèl pou Title I

Chak ane lè ouvèti lekòl , nou toujou envite tout paran pou yo vini lan lekòl la pou yo ka konnen ki sa Pwogram Title I nan gen la dann e ki sa tou yo mande la dann. Ane sa a reyinyon an fikse pou 28 Oktòb, 2020 a setè lan aswè (7:00 p.m). Nap ka jwenn tout enfòmasyon sou pwogram nan Lan SAC meeting si nou ta rele lan nimewo sa a ki se 561-243-1500.

Antrènman pou angajman paran ak fanmi

Daprè ankèt ke nou mennen sou aktivite patisipan yo , men yon lis aktivite ke nou gen pou nou ofri pou nou ka montre paran yo ki jan yo ka rive ede , epi asiste ti moun yo pou yo ka fè pwogrè akademik.

- Sware akademik, aprann yon seri de estrateji pou yo ka ede pitit yo lan devwa lekòl yo gen pou yo fini lakay .
- Paran FAFSA yo ap aprann kòman pou yo aplike pou èd pou yo ka peye lekòl, sa ke nou rele èd finansye a.
- Paran yo ap konnen tou ki sa lekòl online nan ye epi ki jan pou yo ka antre lan klas kap fèt sou google on line yo.

Pataje tout desizyon ke yo pran yo

Responsab ak paran yo ap gen pou mete tèt yo ansanm pou yo ka devlope yon plan pou prezante lan reyinyon SAC yo pandan tout ane a. Yap gen tou pou distribye enfòmasyon sou pwogram yo, epi tou pataje enfòmasyon sou pwogrè akademik, sou avantaj ak fason ke yo motive lan pwogram nan. Nou ta swete ke ou jwenn ak nou pou nou ka ede lekòl la pran desizyon sa yo, pou nou ka sèvi ti moun nou yo byen , jan sa dwa.

Kominikasyon

Nou va konnen tout enfòmasyon Title I yo lan reyinyon ke nou va genyen chak ane yo , lan reyinyon tout pwofesè yo , sa ke nou rele (faculty meetings) epi tou lan SAC meetings yo. Nou va envite paran yo , rele yo lan telefòn, epi tou voye tèks, mesaj ekri ba yo. Yo ka jwenn enfòmasyon sa yo make sou gwo pankatlekòl la , epi tou lan ti jounal ki ekri lan lekòl la menm (*Eagles of Excellence*).Paran yo ap resevwa tou nòt akademik elèv la ak jan de disiplin ke etidyan an dwe genyen lè ke yo va vini lan konferans avèk pwofesè yo, lan sware yap òganize pou paran yo, epi tou lan lè ke yo gen pou pale de tès yo bay ti moun yo ki rele EOC e FSA (tès Leta yo) . Paran yo ap okouran pwogrè elèv yo lè ki genyen konferans, lè yo va tcheke SIS ki se kote ki genyen pou gade enfòmasyon yo bay sou elèv la lan konpitè, Website, epi tou lan rapò pwogrè mansyèl,lan kanè ki gen nòt elèv la ke lekòl la bay.

Aksè pou tout fanmi yo

Moun ki lekòl la kap ede lan lang yo ,ki travay lan Atlantic High school , moun ki rele fasilitatè yo travay ak etidyan yo , paran yo ak tout staf lekòl la pou yo pèmèt plis patisipasyon ak angajman . Lan ka ke gen bezwen, nap itilize tout resous distri a pou nou ka vini ak entèprèt pou pwogram sa yo. Atlantic High School ap sèvi ak tout kòdonatè li yo lan ELL (Elèv kap aprann Anglè) , fasilitatè lang li yo , administratè ki pale 2 lang yo, konseye yo tou pou yo bay sèvis yo. Lekòl la tou rann li posib pou moun ki andikape ka jwenn pakin pou yo mete machin yo, pou ka mete an règ avèk ADA.

Volontè

Nap ankouraje fanmi yo pou yo vin fè volontè lan lekòl la pou yo ka ede pwofesè ak etidyan yo byen reyisi lan travay yo. Pou plis enfòmasyon , ou ka rele lekòl la lan nimewo sa a ki se 561-243-1500.



Mwen te revize Plan Angajman Paran sa a pou Atlantic Community High School.

Siyati mann Fanmiy an:

Dat:

Non etidyan an:

Dat:

Comments: